Defans pou efikasite dwa vòt moun andikape yo nan Peyi Dayiti[1]

Carl Henry SAINT-PIERRE

Travailleur Social au Bureau du Secrétaire d'Etat à l'Intégration des Personnes Handicapées (BSEIPH), Conseiller Technique au Centre Sœur Anne Camille Coyret, Haïti.

DOI : https ://doi.org/10.17184/eac.9131

Résumé : En Haïti, la personne handicapée fait face à diverses barrières physique, sociale, économique et politique mettant en cause l'exercice des droits de l'Homme, l'accès à des services dans les domaines de l'éducation, la santé, les transports, mais aussi à l'effectivité de ses droits civils et politiques. En effet, de nombreux obstacles entravent la pleine participation des personnes handicapées au processus électoral. À partir d'un travail de méta-analyse, ce chapitre recense, présente et analyse les obstacles à la jouissance du droit de vote des personnes handicapées durant les élections haïtiennes de 2015. Après avoir présenté le cadre légal et institutionnel qui organise l'accès des personnes handicapées au processus électoral, il détaille le cadre méthodologique mobilisé pour identifier les différents obstacles qui entravent le mécanisme électoral en Haïti.

Mots-clés : Élections, droit de vote, accessibilité au processus électoral

Entwodiksyon

Dwa politik tankou dwa pou vote ak dwa pou kandida nan eleksyon se dwa fondamantal moun ki afime nan plizyè tèks ak enstriman entènasyonal yo. Sepandan, anpil moun ki andikape gen difikilte pou egzèse nòmalman dwa sa yo. Jwi ak egzèse dwa sa yo angaje, pami lòt bagay, responsablite Leta ki dwe pran an konsiderasyon difikilte ak atant moun sa yo nan diferan etap pwosesis elektoral la. Swivan apwòch sosyopolitik sou andikap, sosyete a atravè divès enstitisyon li yo, dwe pran bon jan mezi aksyon sosyal, nan kad responsablite kolèktif, pou pèmèt moun andikape yo egzèse totalman sitwayènte yo. Sosyete a, atravè enstitisyon ak sèvis li yo, dwe asire patisipasyon sosyal pou tout moun, sa vle di aksè nan "tout aktivite ki fèt nan anviwònman

[1] Travayè Sosyal nan Biwo Sekretè Deta pou Entegrasyon Moun Andikape yo (BSEIPH), Konseye Teknik nan Sant Sè Anne Camille Coyret

sosyal moun nan frekante" (Dubois, 2017, 28) ; konsidere patisipasyon sosyal nan limyè travay antwopològ Fougeyrollas la kòm posibilite pou moun ki andikape reyalize abitid lavi yo konplètman, sa vle di ale lekòl, travay, men tou vote epi kanpe kandida pou eleksyon. Si nou konsidere modèl teyorik "pwosesis pwodiksyon andikap la (Fougeyrollas et all, 1998), "reyalizasyon abitid vi nou se rezilta idantite nou, chwa nou yo, defisyans ògàn nou yo, kapasite nou ak enkapasite nou yo, men tou se sitou karakteristik nou yo, anviwònman nap viv la ". Nan sans sa a, obstak oswa fasilitatè yo rankontre nan kontèks lavi a ki, nan entèraksyon ak ladrès, kondisyone reyalizasyon abitid lavi yo, akonplisman aktivite ak wòl sosyal yo, mete moun yo nan sitiyasyon patisipasyon sosyal oswa okontrè nan yon sitiyasyon andikap (Fougeyrollas, 2010).

An Ayiti, moun andikape yo, nan lavi chak jou yo, fè fas ak divès kalite baryè fizik, sosyal, ekonomik ak politik ki mete an kesyon ekzèsis dwa moun (FHAIPH, 2009), aksè ak sèvis nan domèn edikasyon, sante, transpò ak efikasite nan dwa sivil ak politik yo tou. Sepandan, youn nan kondisyon pou yon moun andikape patisipe nan lavi politik se posiblite pou ekzèse dwa li pou vote ; jwi dwa sa a korekteman demontre li se sitwayen egalego menm jan ak tout moun. Obstak ki gen rapò ak planifikasyon, òganizasyon ak dewoulman pwosesis elektoral la, ansanm ak vyolans ki toujou prezan nan jou vòt la, anpeche moun ki andikape yo patisipe nan tout etap pwosesis elektoral la. Enstiti Nasyonal Demokratik (NDI) ak Fondasyon Entènasyonal Sistèm Elektoral (IFES), 2 òganizasyon kap travay sou pwosesis elektoral la, konsidere absans moun andikape yo nan evènman demokratik sa a kòm yon obstak pou bon fonksyonman demokrasi a : "*lè yon kategori enpotan konsa nan sosyete a pa gen patisipasyon politik, sa anpeche demokrasi a devlope ak sitwayen yo bay opinyon yo sou fason yo ta dwe gouvène*" (NDI, IFES, 2014, 19).

Chapit sa ekri sou aksesiblite pwosesis elektoral ak respè dwa vòt moun andikape an Ayiti. Baze sou travay meta-analiz, li idantifye, prezante ak analize obstak ki genyen nan jwisans dwa vòt pou moun andikape pandan dewoulman pwosesis elektoral ki

te genyen nan lane 2015 an Ayiti. Li ekstriktire nan twa pati : premye a prezante kad legal ak enstitisyonèl ki òganize aksè pou moun andikape nan pwosesis elektoral la ; dezyèm lan prezante pwoblèm dwa vòt moun andikape an Ayiti epi detaye kad metodolojik etid la. Epi finalman, twazyèm pati a idantifye divès obstak ki antrave mekanis elektoral la an Ayiti.

1 Ki kad legal ki gen rapò ak andikap ak pwosesis elektoral an Ayiti ?

1.1 Lejislasyon nasyonal ak entènasyonal an favè moun andikape

Depi dezyèm mwatye 20yèm syèk la, Leta ayisyen te adopte yon seri tèks legal ki ankouraje pwoteksyon dwa moun andikape yo. Anplis Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun Desanm 1948 la ki fè chak moun vin yon sitwayen apa antye, lib ak egalego devan lalwa, nou kapab fè referans ak konstitisyon 1987 ayisyen ki fikse nan atik 38.2 a responsablite Leta nan domèn sosyal, pwoteksyon ak swen pou moun andikape yo. Siyati ak ratifikasyon Konvansyon sou Dwa Moun Andikape yo (CRPDH) nan palman ayisyen an nan dat 12 mas 2009 la vle di "*pwoteje epi asire dwa ak libète fondamantal tout moun ki andikape epi enkouraje respè pou diyite yo*". Apresa, nou vin gen pwo-

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

milgasyon nan palman Ayisyen an premye lwa sou Entegrasyon Moun Andikape yo (LIPH) nan mwa mas 2012 ki angaje Leta ak sosyete sivil la nan "*pwomosyon prensip ak valè ki vize entegrasyon total moun andikape nan tout espas sosyete ayisyen an.*" Nan kad angajman Leta ayisyen an, yon nouvo lwa sou estanda aksesiblite pou anviwònman bati (Lwa No : 005-2018) te pase nan Palman ayisyen an nan dat 3 jiyè 2018 nan objektif pou "*etabli èstanda aksesiblite pou konstriksyon an ki gen ladan bilding rezidansyèl kolektif oswa endividyèl ki fet pou lokasyon ; Etablisman ki ouvri pou piblik ak espas piblik*" (Atik 1). Tèks sa a, ki adapte ak estanda entènasyonal aksesibilite nan kontèks ayisyen an, ranpli vid kit e gen nan domèn aksesibilite nan espas fizik yo nan peyi a. Nan aplikasyon èstrik, tèks sa a ta dwe fasilite aksè pou moun vilnerab ak moun andikape, pami lòt moun, an patikilye nan biwo vòt yo.

1.2 Yon kad legal pou dwa vòt moun andikape an Ayiti

Jan nou te prezante la, kad legal ayisyen an fòme ak tèks nasyonal ki pran sous nan lwa entènasyonal ki sipòte jwisans dwa moun andikape yo, sitou dwa pou vote. Vrèmanvre, nan nivo entènasyonal, atik 25 nan Pak Entènasyonal sou Dwa Sivil ak Politik ak atik 21 nan Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun yo pwoteje dwa moun ki andikape pou yo vote ak eli[2]. Menm jan tou, Konvansyon sou dwa moun andikape ki te ratifye pa palman ayisyen an 2009 rekonèt tou nan atik 12 li a, pèsonalite ak kapasite legal moun andikape nan tout domèn nan kondisyon egalego ak lòt moun ; kòm atik 28 nan menm enstriman legal sa a, li garanti patisipasyon yo nan lavi politik ak piblik. Nan nivo nasyonal, atik 48 LIPH 2012[3] la mansyone aksesiblite nan materyèl ak ekipman pou vote : "*Konsèy elektoral la asire ke ekipman ak materyèl yo apwopriye, aksesib, fasil pou konprann ak itilize pa Moun ki andikape* "Atik sa a menm mande enstitisyon elektoral yo fè tout materyèl pou vote aksesib selon diferan kalite andikap.

Pou premye fwa an Ayiti depi konstitisyon 1987 la, dekrè-lwa elektoral ki òganize eleksyon 2015 yo genyen dispozisyon èspesifik ki sipòte patisipasyon moun andikape yo nan pwosesis elektoral la ak aksè nan biwo vòt ak ekipman elektoral yo. Premyèman, atik 9 dekrè-lwa a mande pou yo respekte yon pousantaj 2% moun andikape pandan rekritman konpetitif nan anplwaye elektoral yo ; dezyèmman, atik 115 prevwa adaptasyon ak aksè nan mwayen kominikasyon pou moun soud ak avèg pandan pwosesis elektoral la. Sepandan, atik 157 nan dekrè-lwa sa a rekonèt pèt dwa pou vote pou yon moun ki soufri enkapasite mantal ke yon otorite medikal te note epi deklare : "Nan jou eleksyon an, enkapasite fizik pa ka site pou entèdi dwa pou vote ak yon yon sitwayen. Se sèlman sitwayen ki soufri enkapasite mantal ke yon otorite medikal konpetan note ak deklare kòmsadwa ki pèdi dwa yo pou yo vote." Alòske Atik 12 Konvansyon sou dwa moun andikape yo, rekonèt patisipasyon legal moun andikape yo ak Atik 29 menm enstriman legal entènasyonal la garanti patisipasyon moun andikape yo, kèlkeswa kalite andikap yo, nan lavi politik ak piblik.

[2] Avèk sèlman yon egzanpsyon pou enkapasite mantal men lè sa sa dwe byen etabli pa yon espesyalis nan sante mantal.

[3] Pibliye nan jounal *Le Moniteur* jou 21 mai 2012

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

1.3 Enstitisyonalizasyon pwosesis elektoral la an Ayiti

Apre plis pase trant ane règ diktatoryal rejim DUvalier a (1957-1986), Ayiti te chwazi demokrasi kòm yon nouvo rejim politik atravè konstitisyon 1987. Anmenmtan, tèks fondamantal sa a te vle pou Oganis kap Jesyon Eleksyon yo(OJE) pandan yo te endepandan epi pèmanan (Bertrand, 2018). Sepandan, sa pat janm rive fèt konsa, yo te rive mete anplas sèlman yon konsèy elektoral pwovizwa (KEP) olye de yon konsèy pèmanan jan sa prevwa nan manman lwa peyi a ki te revize nan lane 2012. KEP a se yon enstitisyon piblik endepandan, san patipri, ki responsab òganizasyon ak kontwòl eleksyon sou tout teritwa a (dekrè elektoral 2015, atik 2). Enstitisyon sa a, ak nati tanporè li, jiska 2021, fè fas ak difikilte èstriktirèl ak finansye ki souvan gen gwo enpak sou bon fonksyonman li ak kredibilite pandan dewoulman operasyon elektoral yo. Anplis de sa, fason li chwazi manb li yo fè souvan polemik epi toujou genyen negosyasyon politik nan pwosesis chwa yo. Daprè atik 192 konstitisyon amande 29 mas 1987 la, KEP a genyen nèf manm ki chwazi nan pouvwa egzekitif la, Lakou Kasasyon ak Asanble Nasyonal. Reyinyon nèf manm li yo ke yo rekonèt kòm Konseye Elektoral fòme an menm tan konsèy administrasyon enstitisyon an. Konseye yo fè eleksyon[4] pami yo pou mete yon biwo ki gen wòl prensipal garanti fonksyonnman enstitisyon an ak fe swivi sou desizyon yo pran nan konsèy la. Konsèy la reprezante nan chak chèflye depatman yo pa yon Biwo Elektoral Depatmantal (BED), eksèpte depatman Lwès la, kapital peyi Dayiti, ki genyen de ; yo mete tou nan chak komin Repiblik Ayiti yon Biwo Elektoral Kominal (BEK) ki fè rapò bay BED[5]. BED ak BEK yo fòme yo chak ak twa manm yo rekrite sou baz konkou pou yo asime yonn apre lòt fonksyon prezidan, vis-prezidan ak trezorye.

1.4 1.4. Kòman pou nou konsidere koze andikap la nan pwosesis elektoral la.

Daprè manyèl sou aksè egal a eleksyon yo (IFES, NDI, 2014), sik elektoral la divize an twa peryòd siksesif : anvan eleksyon, pandan eleksyon ak aprè eleksyon. Nan chak nan yo, aktè elektoral yo egzekite divès aktivite nan patenarya ak pati konsène yo (kandida, pati politik, òganizasyon sipèvizyon elektoral nasyonal ak entènasyonal, elatriye). Kidonk, peryòd pre-eleksyon an gen ladan planifikasyon, bidjè, fòmasyon divès operatè ki enplike nan pwosesis la (ajan elektoral, manm biwo vòt, sipèvizè elektoral, elatriye) ak enskripsyon elektè yo. Peryòd elektoral la korèsponn ak kanpay pou vòt la, vòt la li menm, kontaj bilten vòt yo ak plent aprè vòt. Finalman, peryòd aprè eleksyon an se pwoklamasyon rezilta yo ansanm ak analiz pou redefini èstrateji. Li esansyèl ke nan chak faz sa yo nan pwosesis elektoral la tout moun ki gen enterè (KEP, pati politik, kandida, lejislatè, òganizasyon moun andikape, medya, elatriye) patisipe nan fasilite ak sipòte aksè ak patisipasyon moun andikape – kèlkeswa defisyans yo ak enkapasite – nan pwosesis elektoral la. Kidonk, se pandan peryòd pre elektoral la ke KEP a kòmanse konsiltasyon ak òganizasyon moun andikape yo (OPH) pou jwenn enfòmasyon sou bezwen moun andikape yo, aksesiblite materyèl elektoral yo ansanm ak finansman aktivite sansibilizasyon ak aranjman rezonab ki gen rapò ak patisipasyon kategori sa a nan pwosesis elektoral la. Pandan peryòd elektoral la, KEP a ak tout

[4]Biwo a gen kat manm : yon Prezidan, yon Vis-Prezidan, yon Sekretè Jeneral ak yon Trezorye.
[5]Sepandan, komin Pòtoprens genyen twa ki vin anba premye BED nan Lwès la

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

aktè ki enplike nan pwosesis la asire ke enfòmasyon ak lis elektoral yo aksesib, epi pou kota rekritman pou moun andikape yo rèspekte.

Aksesiblite nan pwosesis la konsène tou faz apre elektoral la : KEP a dwe asire ke rezilta yo pibliye nan fòma aksesib pou diferan tip andikap osi byen ke pwosesis la nan abitraj nan plent ak konfli elektoral. Yon evalyasyon pwosesis elektoral la dwe fèt ak patisipasyon tout moun ki konsène yo pou yo ka limite oswa menm retire obstak nan patisipasyon moun andikape yo nan pwochen eleksyon yo.

2 Kisa ki obstak yo pou moun andikape yo gen aksè nan eleksyon an Ayiti ?

Pwomès “eleksyon lib, onèt, enklizif, san entèferans…” toujou parèt nan diskou aktè ki enplike nan pwosesis elektoral an Ayiti, ke se aktè nasyonal yo (kandida, pati politik, enstitisyon elektoral, òganizasyon dwa moun, laprès, elatriye) ak entènasyonal (finansye) ak patnè teknik, òganis sipèvizyon elektoral, elatriye). Nan sans sa a Emmanuel Cossy, direktè Sant Nasyonal Defans Moun Andikape yo (CNDDH) an Ayiti, plede sitou pou eleksyon yo aksesib (PNUD-Ayiti, 2015) pou moun k ap viv ak andikap yo. Sepandan, òganize eleksyon aksesib mande, sou yon bò, envantè divès obstak ki anpeche dwa efektif vòt moun andikape yo ; yon lotbò, sa mande adaptasyon ki nesesè ak aranjman selon diferan bezwen moun andikape a. konkrètman, li mande pou chache konnen kisa yon elektè avèg oswa kap itilize chèz woulant ap bezwen pou yo ka egzèse dwa yo pou vote poukont yo pandan yon eleksyon. Si se pa sa, ki difikilte li rankontre ?

Pou fè etid sa a, yo aplike meta-analiz ki konbine rezilta yon seri etid endepandan. Done ki itilize yo se rezilta de odit aksesibilite ke òganizasyon IFES nan patenarya ak BSEIPH te reyalize pandan eleksyon lejislatif, prezidansyèl ak minisipal an Ayiti nan lane 2015. Anplis etid sa yo konplete ak literati sou dwa pou vòt moun andikape. Nou itilize pou sa, manyèl ak rapò sou eleksyon enklizif ki devlope pa òganizasyon entènasyonal tankou IFES ak NDI. Odit aksesibilite yo fèt nan de okazyon : premye a fèt pandan premye tou eleksyon lejislatif yo nan dat 9 out 2015 sèlman nan depatman Lwès la sèlman ak moun ki andikape. Li mobilize 30 oditè[6] divize an 15 pè nan 15 sant vòt, ki gaye sou sis minisipalite nan zòn metwopolitèn Pòtoprens. Dezyèm lan te fèt 25 oktòb 2015, pandan eleksyon jeneral yo, nan 6 depatman (Lwès, Nò, Sid, Latibonit, Grand ‘Anse, Sant) ak patisipasyon swasant (60) oditè. Odit yo evalye aksè nan espas yo ak fasilite moun ki andikape yo sèvi ak yo. Done yo kolekte konsène karakteristik fizik yon gro kay (pakin pwoksimite, chemen eksteryè, antre, sikilasyon orizontal ak vètikal, ekipman ak sòti) ak nivo aksè materyèl electoral yo.

Done sa yo analize sou modèl chèn aksesibilite ki modelize ke Reichhart (2021) konstwi. Modèl sa a distenge plizyè faz konplemantè[7] ki konbine mobilite, itilizasyon ak enfòmasyon. Nan ka nou an, li enpòtan pou idantifye ak analize obstak ke votè a fè

[6] Gen 15 gason ak 15 fanm, 7 ladan yo gen yon pwoblèm vizyèl, 1 ladan yo gen yon pwoblèm pou tande ak 22 gen yon pwoblèm motè, 2 ladan yo sèvi ak yon chèz woulant.

[7] Modèl la gen 5 faz : Aksè, Penetration, Sikile, Itilize ak Enfòme (APCU-I) men dènye faz la (Enfòme) pat itilize pou travay sa a.

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

fas nan aksè, antre ak sikile nan biwo vòt la epi apre vote nan chwazi yon bilten, mete nan bwat vòt la.

3 Rezilta odit eleksyon 2015 yo

Meta-analiz la, ki baze sou chèn aksè, revele ak ilistre obstak moun ki andikape yo rankontre nan egzèse dwa yo pou yo vote. Obstak sa yo lye, pami lòt, ak aksè difisil e pafwa enposib nan sant vòt yo, ak inadaptasyon nan sistèm transpò a epi restriksyon ki gen nan trafik nan jou vòt la, inadaptasyon nan ekipman vòt yo ak vyolans ki tradisyonèlman ki genyen nan jou vòt la.

3.1 Difikilte pou jwenn aksè, antre ak deplase nan biwo vòt la

Nan 15 sant vòt yo te kontwole, oditè yo te note yon fèb patisipasyon votè ki gen andikap yo. Sepandan, yo te obsève moun ki gen andikap fizik yo nan kèk sant vòt, men patisipasyon an te pi fèb toujou pou moun ki gen pwoblèm tande wè. Inaksesiblite nan sant vòt yo ak restriksyon nan transpò piblik nan jou eleksyon an ka eksplike patisipasyon sa a ba pami elektè ki andikape yo. Daprè enfòmasyon oditè yo : "wit (8) nan kenz (15) sant vòt ki odite yo se yon twotwa ki pèmèt yon moun nan chèz woulant gen aksè ak antre prensipal la. Men, nan wit (8), gen yon sèl ki gen twotwa ki pa ankonbre ak obstak ki fòme ak ti biznis, machin (kap travay oswa kraze) oswa lòt bagay" (IFES, 2015, 5). Pandan yon reyinyon diskisyon ak enfòmasyon ak oditè yo ki te fèt 4 jou apre odit sa yo, yo te fè kòmantè anpil sou kontrent aksesibilite fizik sa yo obsève, denonse "*sòl ki miwomiba ak ranp ki prèske pa genyen, sa ki te vin fè sikilasyon an pou kèk moun ki gen sèten tip andikap preske prèske enposib.*" Kidonk, twotwa yo ki mennen nan sant vòt yo pa gen pati ki bese, gerit vandè yo ki bloke anpil twotwa ak machin ki mal estasyone sou yo, se pami kèk obstak ki limite lib sikilasyon moun ki gen andikap fizik yo, patikilyèman pou moun ki itilize chèz woulant., ak moun k ap viv ak pwoblèm vizyèl. Se kontinwite chèn aksesibilite a ki pa respekte, sa ki parèt difisil pou sitwayen yo benefisye sèvis ak aktivite poukont yo, san kontrent. Menm jan an tou, vwayaj ak restriksyon sou transpò piblik nan jou eleksyon an rete yon gwo pwoblèm pou elektè ki gen andikap fizik. Nan kèk ka, biwo vòt kote elektè ki gen ki gen andikap yo pral vote pa toujou pre kay yo. Pou yo rive nan lye sant vòt la, yo ta dwe fè yon vwayaj long, pafwa plizyè kilomèt menm si kondisyon fizik yo ak kapasite fonksyonèl yo pa pèmèt yo. Sepandan, nan enfòmasyon oditè yo te note yo te remake : "*prezans moun ki gen pwoblèm motè nan sèten sant vòt yo. Se te sitou moun ki ap viv ak yon sèl men oswa yon sèl pye, oubyen moun ki te pèdi izaj yonn nan manb sa yo. Men, oditè yo yo pa te remake okenn elektè sou chèz woulant yo nan sant vòt yo te vizite yo* (IFES, 20015, 6.).

3.2 Absans yon dispozitif Akèy ak enfòmasyon pou Elektè soud yo

Pandan odit la, oditè yo pa te remake okenn patisipasyon elektè soud yo nan jou eleksyon an. Youn nan rezon ki kapab eksplike sa a, se ke sant vòt yo pa genyen entèprèt lang siy pou akeyi elektè ki soud yo, sa ki dekouraje patisipasyon yo nan vòt la. Men, sitou, enfòmasyon elektoral ansanm ak sa ki nan pwogram politik kandida yo pa regilyèman tradwi nan lang siy pou fasilite aksè yo ak moun soud. Nan sans sa a, elektè sa yo manke oswa mal enfòme sou diferan etap pwosesis la, pwogram elektoral yo

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

ak evolisyon kanpay elektoral la : an reyalite, lwa elektoral la, mesaj konsyantizasyon ki gen rapò ak pwogrè pwosesis elektoral la (ekri ak oral) yo pa adapte pou fasilite elektè ki gen pwoblèm pou tande yo konprann.

3.3 Materyèl vòt yo pa adapte ak defisyans elektè ki andikape yo

Atik 115 ak 157.1 dekrè elektoral 2015 la rekòmande pou yo sèvi ak materyèl e dispozitif adapte (itilizasyon lang siy, ekriti bray, bilten vòt gwo karaktè, elatriye) pou pèmèt moun andikape yo, kèlkeswa andikap yo, kapab patisipe nan tout pwosesis elektoral la, depi kanpay elektoral la rive nan vòt la. Se yon obligasyon ki enpoze sou otorite elektoral yo ansanm ak lidè pati politik yo ak tout kandida yo. Men, daprè done yo kolekte, pa gen okenn materyèl elektoral yo te adapte pou te ka rann yo aksesib : “pa gen okenn gid elektoral ki te egziste nan lang siy pou moun ki soud, an bray oswa nan mòd odyo pou avèg, se te tou, se te menm konsta pou bilten vòt yo, pou yon moun avèg ta rive itilize yo, fok ta gen prezans yon twazyèm moun” (IFES, 2015, 7).

3.4 Vyolans nan eleksyon jou Vòt la

Ensekirite ki toujou genyen nan jou vòt la tou eksplike fèb patisipasyon moun andikape kòm elektè, men tou kòm anplwaye elektoral. Vrèmanvre, anplwaye elektoral yo kòmanse aktivite yo nan jou eleksyon an byen bonè pou prepare yo pou ouvèti biwo vòt yo, jeneralman ki fikse pou 6 :00 a.m. Tou depan de kote yo abite, kèk anplwaye eleksyon yo ka oblije vwayaje yon long distans pou yo rive nan biwo vòt kote yo gen pou vote a. Vwayaj long sa a, souvan fèt nan mitan lannwit oswa yon jou anvan vòt la, asosye ak tout kalite danje tankou vòl. Se menm bagay la tou pou retou a, anplwaye elektoral la dwe tou kite biwo vòt yo trè ta apre yo fin konte ak men bilten vòt yo. Sitiyasyon ensètitid ak ensekirite sa a pa favorize entegrasyon moun andikape yo nan pwosesis elektoral la oswa tou senpleman mennen nan demotivasyon yo konsènan patisipasyon yo kòm elektè oswa angaje yo kòm anplwaye elektoral.

4 Konklizyon

Chapit sa a kesyone efikasite dwa vòt pou moun andikape an Ayiti, li rive idantifye obstak yo dwe retire pou reyalize yon eleksyon enklizif jan lwa nasyonal ak entènasyonal yo ekzije. Menm si te gen anpil efò ki te fèt nan kad eleksyon 2015 yo, patikilyèman ak dekrè elektoral 2015 la ki nan divès dispozisyon li yo pale sou koze dwa vòt moun andikape, men wout pou rive ak yon pwosesis elektoral aksesib toutbonvre gen anpil obstak ladan toujou. Aksè ozalantou ak andedan sant vòt la, itilizasyon zouti kominikasyon ak ekipman vòt ki adapte ak diferan tip andikap, fòmasyon anplwaye elektoral yo pou akeyi elektè ki andikape yo, finansman aksesibilite pwosesis elektoral la se tout pwojè ak anpil lòt anko, pati ki konsène yo dwe kontinye travay sou yo. Egzijans sa yo vize reyalize aksè egalego pou tout moun, youn nan karakteristik fondamantal nenpòt sistèm demokratik e ki se tou yon enperatif demokratik pou pwochen eleksyon yo an Ayiti.

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

Bibliyografi

Bertrand, Woldson (2018), *Contribution aux réflexions portant sur l'institutionnalisation du Conseil électoral permanent en Haïti,* Institut international pour la démocratie et l'assistance électorale (IDEA).

Décret électoral du 2 mars 2015, Le Moniteur spécial n° 1 en date du lundi 2 mars 2015

Dubois, Bénédicte., Thiébaut Samson, Sara., Trouvé, Éric., Tosser, Marine., Poriel, Géraldine., Tortora, Leila. (2017). *Guide du diagnostic en ergothérapie.* De Boeck Supérieur

Fédération Haïtienne des Associations et Institutions de Personnes handicapées (FHAIPH) et Centre de Recherche pour le Développement (CRD),(2009), *Étude sur les Conditions de Vie des Personnes Handicapées en Haïti.*

Fougeyrollas, Patrick., Cloutier, R., Bergeron, Hélène., Côté, Jacques et St-Michel, Ginette. (1998) *Classification québécoise : processus de production du handicap,* Québec, Réseau international sur le processus de production du handicap.

Fougeyrollas, Patrick (2010). *La funambule, le fil et la toile*, Québec, Presses de l'Université Laval.

International Foundation for electoral systems (IFES) et National democratic institute (NDI) (2014). *Egalite d'accès : Comment inclure les personnes handicapées aux élections et aux processus politiques.*

International Foundation for electoral systems (IFES),(2015). *Haïti : Élections législatives du 09 Aout 2015. Audits d'accessibilité.*

PNUD, ONU-FEMMES (2015). *Processus électoraux inclusifs : un guide à l'usage des organismes de gestion électorale pour la promotion de l'égalité de sexes et de la participation des femmes*, AGS Cusson Graphic.

PNUD-Haïti (2015). *Manuel d'éducation civique et électorale, Haïti.*

Reichhart, Frédéric (2021). Du handicap à l'accessibilité : l'émergence d'un nouveau paradigme, Champ social éditions, INSHEA.

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703